



Dat: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye: \_\_\_\_\_

Client Name: \_\_\_\_\_

Nimewo Idantifikasyon  
Kliyan (CIN): \_\_\_\_\_

## MWA KI KONTE POU KONDISYON TRAVAY GRANMOUN KI AN SANTE SAN DEPANDAN (ABLE BODIED ADULTS WITHOUT DEPENDENTS, ABAWD) (Haitian Creole)

Lèt sa a se pou fè ou konnen ke \_\_\_\_\_ yo idantifye li kòm yon Granmoun ki an sante san depandan (ABAWD). Dosye nou yo montre yo te resevwa yon mwa konplè benefis ki konte. Sepandan, yo pa t satisfè kondisyon travay ABAWD yo pou \_\_\_\_\_ . Benefis ou yo p ap chanje poutèt avi sa a.

(MM/AAAA)

Pou ou resevwa Pwogram Asistans Nitrisyonèl Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), yon ABAWD dwe satisfè kèk kondisyon travay. Moun pa ka resevwa SNAP san yo pa satisfè kondisyon sa yo pandan plis pase twa mwa nan yon peryòd 36 mwa. Sa a se \_\_\_\_\_ mwa ki konte pou ou a.

Aprè twazyèm mwa ki konte pou ou a, benefis SNAP ou yo ap sispann sof si ou kòmanse satisfè kondisyon yo oswa ou vin egzante. Nou ap voye ou yon avi separe anvan nou sispann benefis ou yo.

### KIJAN POU OU KENBE BENEFIS SNAP OU YO:

Ou ka kenbe benefis SNAP ou yo epi evite sèvi ak yon mwa ki konte, si ou satisfè kondisyon travay yo. Ou ka satisfè kondisyon travay la lè ou montre prèv ke, an mwayèn omwen 20 èdtan pa semèn oswa 80 èdtan pa mwa, ou:

- Travay (tankou fè yon travay ki pa gen salè lajan ak travay volontè),
- Patisipe nan yon pwogram travay/fòmasyon Administrasyon Resouzimèn apwouve,
- Patisipe nan yon pwogram travay ak fòmasyon pou veteran Depatman Travay (Department of Labor) oswa Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs) jere,
- Patisipe nan yon pwogram anba Lwa sou Inovasyon Mendèv ak Opòtinite (Workforce Innovation and Opportunity Act) oswa Lwa sou Komès (Trade Act) ki ka gen ladan aktivite pou chèche travay, preparasyon pou jwenn travay, aktivite fòmasyon pou vin gen ladrès pwofesyonèl ak aktivite edikasyon, **OSWA**
- Patisipe nan yon aktivite eksperyans travay HRA apwouve oswa fè benevola nan yon aktivite sèvis kominotè pou kantite èdtan pa mwa ki egal ak avantaj SNAP moun ki nan kay la, divize pa salè minimòm nan Eta a. Nou ap voye ou yon lèt separe pou ofri ou opòtinite sa a.

**Gade paj ki anba yo pou enfòmasyon sou sa pou ou fè si ou panse ou pa yon ABAWD oswa ou gen yon bon rezon ki fè ou ka pa t kapab konfòme ou mwa sa a.**

**(Vire paj la)**

## **MWA KI KONTE POU KONDISYON TRAVAY GRANMOUN KI AN SANTE SAN DEPANDAN (ABAWD) (kontinye)**

### **Kijan mwen fè konnen si mwen se yon ABAWD?**

Yon moun ki gen ant 18 ak 64 lane, ki p ap viv nan yon fanmi ak timoun ki gen mwens pas 14 lane, epi ki gen tout kapasite fizik ak mantal li pou l travay dwe respekte règ ABAWD yo. Si moun nan pa respekte règ sa yo, l ap ka resevwa avantaj SNAP yo pou 3 mwa sèlman sou yon peryòd 3 zan.

Ou ka egzante de règleman ABAWD yo si youn nan bagay sa yo aplike pou ou:

- Ou poko gen laj 18 lane oswa ou gen laj 65 lane oswa plis,
- Pa kapab travay omwen 80 èdtan pa mwa akòz yon pwoblèm sante fizik oswa mantal,
- Ou se yon manm nan yon kay SNAP ki gen yon moun ki poko gen 14 lane,
- Ou ansent,
- Yon moun k ap resevwa avantaj andikap ki soti nan yon sous piblik oswa prive, tankou Depatman Afè Veteran oswa avantaj andikap Eta New York la,
- Ou se yon Endyen, Endyen Iben, Endyen Kalifòni, oswa yon lòt Endyen ki kalifye pou Sèvis Sante Endyen yo (Indian Health Services), oswa
- Egzante de kondisyon travay jeneral yo paske:
  - Ou gen mwens pase 16 an, oswa ou gen 65 an oswa plis,
  - Ou se yon jèn ki gen 16 oswa 17 an ki pa chèf kay la OSWA ki lekòl la oswa k ap patisipe nan yon pwogram travay omwen a demi tan,
  - Ou konfòme ak kondisyon pou travay Pwogram Asistans Fanmi an (Family Assistance Program),
  - Ou responsab pou swen yon timoun ki poko gen 6 zan oswa yon moun andikape
  - Ou patisipe regilyèman nan yon pwogram tretman pou alkòl oswa dwòg
  - Ou ap aplike pou oswa w ap resevwa alokasyon pou chomaj,
  - Ou pa kapab travay akòz yon rezon sante mantal oswa fizik,
  - Ou travay deja omwen 30 èdtan pa semèn
  - Ou ap touche \$217.50 (30 fwa salè minimòm federal la) oswa plis pa semèn,
  - Ou enskri nan yon lekòl, pwogram fòmasyon oswa kolèj omwen a demi tan (etidyan yo ka oblije swiv lòt kalite règ pou detèmine si yo kalifye), OSWA
  - Ou se yon aplikan oswa benefisyè Revni Sekirite Sosyal (SSI).

Si ou kwè ou ta dwe eskize pou ou pa suiv règleman ABAWD yo paske ou satisfè youn oswa plis nan kondisyon ki endike anwo a, ou ta dwe rele 718-SNAP-NOW (718-762-7669) pou fè nou konnen. Nou ka mande ou pou bay prèv.

**(Vire paj la)**

## **MWA KI KONTE POU KONDISYON TRAVAY GRANMOUN KI AN SANTE SAN DEPANDAN (ABAWD) *(kontinye)***

**E si mwen ap satisfè kondisyon ABAWD yo, oswa si nòmalman mwen satisfè yo men gen yon bagay ki rive epi mwen pa t kapab mwa sa a?**

Ou bezwen fè HRA konnen, epi ou ka bezwen ban nou prèv. Prèv la ka fich pey aktyèl, yon lèt nan men doktè ou, yon lèt nan men yon kowòdonatè nan yon kote ou ap fè volontarya, elatriye. Ou ka rele 718-SNAP-NOW (718-762-7669) pou di nou.

**Eske ou gen yon kondisyon medikal oswa mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou w konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a sa fè l difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA)? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab mande èd tou lè ou ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a selon lalwa.**